

## Nadia ak Lou

Nadia te abite nan yon ti kay ak manman li nan **kanpay**. Yo te pòv anpil.

«O! Apa n pa gen ze ankò; epi li preske lè pou dine.» Manman Nadia di.

«Kite m kouri nan mache a.» Nadia di. «M ap fè wout ki pi kout la.»

Li kouri prese nan forè a ak baskèt li. Kan Nadia rive byen fon nan forè a, li tandè yon **jemisman**. Pandan l ap mache li fè yon **dekouvèt** ki te choke l: yon gwo lou gri ki kanpe anba yon pye bwa.

«M ap priye w an gras, pa kouri. Ou ka ede m souple? Pèsonn pa vle ede m.» Lou di Nadia.



Lou fè sòti grif li epi yon gwo pikan te kole byen fon ladan l.

«Eske sa se yon trik?» Nadia mande Lou. «M tandè istwa osijè lou ki manje moun.» «Ou pa genyen nouvèl enfòmasyon yo.» Lou di epi l fè yon soupi. «Nou pa manje moun ankò. Koulye a se ze nou manje ak sòs tomat. Mwen menm ak frè m renmen manje ze ak sòs tomat.»

Lou kriye ankò epi l gade grif li. Nadia te **enspire** pou l ede l. Li ajenou epi l retire pikan ak anpil prekasyon nan grif Lou. Lou niche grif li epi l di l mèsè. «M pap janm bliye jantiyès ou.» Li pwomèt Nadia. Li bese epi l disparèt nan forè a.

Vè pita Nadia prese byen vit ankò nan forè a avèk yon baskèt plen ze pou l sa retounen lakay.

Yon pakèt lou pran **GWONDE**; yo parèt sou li san l pa konnen ki kote yo tout sòti. Yo bloke wout la.

«Kisa w genyen nan baskèt sa?» Youn nan lou yo mande.

«Li sanble ak ze.» Yon lòt lou pran kriye.

«Kote sòs tomat la?» Yon twazyèm mande.

Genyen yon vwa ki rele byen fò, «kite l ale.» Se te lou Nadia te ede a. «Ti dam sa te ede m lè pèsonn pat vle ede m.» Li rakonte lòt lou yo kòman Nadia te ede l.

Tout lou yo deplase. Nadia remèsye nouvo zanmi li, Lou; epi li kontinye sou wout li.



Lè Nadia rive lakay, li ede manman l prepare manje a. Nan moman dine a li rakonte manman l istwa a ak leson li tire ladan l:

Ede lòt konsa yo va ede w tou.

**Ekri mo vokabilè yo:**

---



---



---



---



---

**Chwazi 2 mo epi ekri de fraz.**

---



---



---



---



---

**Kesyon Esansyèl: Kisa ou aprann nan istwa sa osijè ede lòt?**

---



---



---



---



---



---



---

**Kòman lou nan istwa sa diferan de lòt istwa lou ou konn tande oubyen ou li deja?**

---



---



---



---



---



---



---